

## HEALTHY BIRTH DAY, INC.

(*alyas* COUNT THE KICKS)

### KONDISYON POU ITILIZASYON

Anvigè apati 9 jiyè 2018.

#### Entwodiksyon

Misyon Healthy Birth Day, Inc., yon òganizasyon 501(c)(3) ki pa travay pou pwofi se pou diminye defason konsiderab kantite tibebe ki fèt tou mouri atravè kanpay sansibilizasyon sante piblik Count the Kicks la. Count the Kicks edike moun ki pral vin paran sou enpòtans ak metòd pou swiv mouvman fetis la pandan twazyèm trimès gwosès la. Fanm ansent gen pouvwa pou sove tibebe yo lè yo konnen abitud mouvman tibebe yo epi nan santi yo gen kapasite pou di doktè yo si yo remake yon chanjman. Kondisyon pou Itilizasyon sa yo pral dirije kontak ou ak Aplikasyon Count the Kicks nou an.

#### Akseptasyon Kondisyon pou Itilizasyon yo

Kondisyon pou itilizasyon sa yo se yon akò ant Ou menm ak Konpayi an, sosyete afilye ak filyal li yo ("**Konpayi**" oswa "**nou menm**" oswa "**nou**"). Kondisyon jeneral sa yo, ansanm ak nenpòt dokiman yo enkòpore klèman pa referans (tout ansanm reprezante, "**Kondisyon pou Itilizasyon**" sa yo), dirije aksè ou genyen ak itilizasyon ou de aplikasyon Count the Kicks nou an ("**Aplikasyon**" nou an) ansanm avèk tou nenpòt kontni, fonksyonalite ak sèvis yo ofri nan oswa atravè Aplikasyon Count the Kicks oswa Sitwèb, [www.countthekicks.org](http://www.countthekicks.org).

Tanpri li Kondisyon pou Itilizasyon yo avèk atansyon anvan ou kòmanse sèvi ak Aplikasyon an. Lè ou sèvi ak Aplikasyon an oswa lè ou aksepte oswa ou dakò ak Kondisyon pou Itilizasyon yo lè opsyon sa a vin disponib pou ou, ou aksepte epi dakò pou angaje w epi pou konfòme w ak Kondisyon pou Itilizasyon sa yo epi ak Politik Konfidansyalite Vi Prive nou an, [w ap jwenn li la a](#), ki enkòpore nan dokiman sa a pa referans. Si ou pa vle aksepte Kondisyon pou Itilizasyon oswa Politik Konfidansyalite Vi Prive sa yo, ou pa dwe aksede ni sèvi ak Aplikasyon an.

Yo ofri Aplikasyon sa a epi li disponib pou itilizatè ki gen laj 16 lane oswa plis. Lè ou sèvi ak Aplikasyon sa a, ou deklare epi ou garanti ke ou satisfè tout egzijans kalifikasyon pi wo a. Si ou pa satisfè tout egzijans sa yo, ou pa dwe aksede ni sèvi ak Aplikasyon an.

Pou bezwen Règleman Jeneral Pwoteksyon Done, Kontwolè Done ak Reprezantan Inyon Ewopeyèn (EU) a se QCI ki nan West Des Moines, Iowa, ki gen enfòmasyon kontak li pi ba a.

Nan tout dokiman Kondisyon pou Itilizasyon sa a nou sèvi ak tèm "**Peyi Deziyen**" pou fè referans ak peyi nan Inyon Ewopeyèn (EU), Zòn Ekonomik Ewopeyen (EEA) ak peyi Laswis. Si w ap viv nan Peyi Deziyen yo, ou gen yon kantite dwa nou ta vle ou okouran de yo. Nou pral endike dwa sa yo pa referans pou Peyi Deziyen yo lè sa aplikab.

#### Chanjman nan Kondisyon pou Itilizasyon yo

Nou ka chanje ak mete ajou Kondisyon pou Itilizasyon sa yo detanzantan selon pwòp jijman nou. Tout chanjman yo anvigè touswit lè nou pibliye yo epi yo aplikab pou tout aksè ak itilizasyon Sitwèb la apresya.

Si nou fè gwo chanjman nan Kondisyon pou Itilizasyon sa yo, nou pral ba ou yon avi atravè Sitwèb ak Aplikasyon nou an, oswa pa lòt mwayen, pou ba ou opòtinite pou gade chanjman yo anvan yo rantre anviè.

Si ou kontinye sèvi ak Aplikasyon an apre nou fin pibliye Kondisyon pou Itilizasyon nou modifye yo, sa vle di ou aksepte epi ou dakò ak chanjman sa yo. Nou atann nou aske ou verifye paj sa a detanzantan pou w sa okouran nenpòt chanjman, paske yo reprezante yon angajman pou ou.

## **Obligasyon**

Men kèk pwomès ou fè nou lè ou aksepte Kondisyon pou Itilizasyon sa yo:

### **Kont Ou**

Si ou chwazi kreye yon Kont sou Aplikasyon nou an, ou dakò ak bagay sa yo:

- Ou pral kenbe modpas ou a sekre.
- Ou pa pral pataje yon Kont avèk okenn moun epi ou pral swiv règleman nou yo, ki gen ladan yo, men se pa sa yo sèlman sa, Kondisyon pou Itilizasyon sa yo epi Politik Konfidansyalite Vi Prive nou an, ak lalwa.
- Ou responsab pou nenpòt sa ki rive atravè Kont ou an sèl si ou fèmen li oswa ou rapòte yon move itilizasyon li.
- Ou rekonèt enfòmasyon ki nan aplikasyon an se pou bezwen edikatif sèlman epi li pa dwe reprezante dyagnostik ni tretman. Se pou w itilize enfòmasyon sa a annakò ak pwofesyonèl swen sante w la.

### **Avi ak Mesaj**

Lè ou aksede Aplikasyon nou an, ou dakò ak bagay sa yo:

- Ou dakò pou nou ba ou avi ak mesaj parapò ak aplikasyon oswa sèvis nou yo. Si enfòmasyon kontak ou yo pa ajou, ou ka rate avi enpòtan.
- Ou dakò pou nou ba ou avi ak mesaj nan fason sa yo: (1) nan Aplikasyon an, oswa (2) atravè enfòmasyon kontak ou te ba nou yo (tankou imèl, nimewo selilè, adrès fizik). Ou dakò pou kenbe enfòmasyon kontak ou yo ajou.
- Ou dakò ke Healthy Birth Day, Inc., ki gen misyon pou anpeche tibebe fèt tou mouri epi pou sove tibebe, ka sèvi ak done konte-koutpye w yo nan rechèch, evalyasyon oswa etid ki gen objektif pou amelyore pwogram nou yo epi amelyore efikasite li.

### **Dwa ak Limit**

#### **Ou se pwopriyete enfòmasyon ou yo**

Ou se pwopriyete tout kontni, opinyon ak enfòmasyon pèsònèl ou ba nou yo. Nou pral respekte chwa ou fè sou jan nou sèvi ak enfòmasyon ou yo. Ou menm ak Konpayi an dakò si nenpòt nan enfòmasyon ou yo gen ladan done pèsònèl, li reji pa Politik Konfidansyalite Vi Prive nou an.

Ou menm ak Konpayi an dakò ke nou ka aksede, estoke, trete epi sèvi ak nenpòt enfòmasyon ak done pèsònèl ou bay yo annakò ak kondisyon Politik Konfidansyalite Vi Prive nou an.

Ou dakò pou sèlman bay enfòmasyon ki pa vyole lalwa ni dwa okenn moun (sa gen ladan, dwa pwopriyete entelektyèl). Ou dakò tou ke enfòmasyon ou bay yo, vre. Lalwa ka egzije pou konpayi an retire sèten enfòmasyon.

## **Lòt Kontni, Sit ak Aplikasyon**

Lè ou sèvi ak Aplikasyon oswa sèvis nou yo, ou ka jwenn kontni oswa enfòmasyon ki ka pa egzak, pa konplè, anreta, ki ka twonpe, pa legal, ki ka ofanse oswa ankò ki ka fè mal. Nou pa ka toujou anpeche move itilizasyon sèvis nou yo, epi ou dakò ke nou pa responsab pou nenpòt nan move itilizasyon sa a.

Ou responsab pou deside si ou vle aksede oswa sèvi ak aplikasyon oswa sitwèb ekstèn ki ka gen lyen sou Sitwèb oswa sou sèvis nou yo. Si ou otorize aplikasyon oswa sitwèb ekstèn pou yo otantifye ou, aplikasyon ak sitwèb sa a ka rive gen aksè ak enfòmasyon ki gen rapò ak ou. Aplikasyon ak sitwèb ekstèn yo gen pwòp kondisyon legal ak politik konfidansyalite vi prive pa yo, epi ou ka bay lòt moun otorizasyon pou sèvi ak enfòmasyon ou yo yon fason nou menm nou pa t ap fè li. Sòf nan ka limite kote lalwa aplikab ta ka egzije sa, Konpayi an pa responsab pou lòt sitwèb ak lòt aplikasyon sa yo—kidonk lè w sèvi ak yo ou pran pwòp risk ou pou fè sa. Tanpri gade Politik Konfidansyalite Vi Prive nou an.

## **Limit**

Konpayi an rezève dwa pou l limite itilizasyon ou de Aplikasyon oswa sèvis nou yo, avèk tou kantite koneksyon ou yo. Konpayi an rezève dwa pou li mete restriksyon, kanpe oswa dezaktive Kont ou a si Konpayi an kwè ou ka pa respekte Kondisyon pou Itilizasyon sa yo, Politik Konfidansyalite Vi Prive nou an, oswa lalwa oswa ke w ap fè move itilizasyon Sitwèb la oswa sèvis nou yo.

## **Dwa Pwopriyete Entelektyèl**

Konpayi a gen tout dwa sou pwopriyete entelektyèl li yo ki nan Aplikasyon ak sèvis nou yo. Lè w sèvi ak Aplikasyon oswa sèvis yo sa pa ba ou okenn dwa pwopriyete sou sèvis nou yo oswa kontni oswa enfòmasyon ki disponib atravè Aplikasyon oswa sèvis nou yo. Mak komèsyal ak logo ki sèvi an koneksyon ak Aplikasyon oswa sèvis yo se mak komèsyal pwopriyete respektif yo.

## **Tretman Otomatize**

Nou pral sèvi ak enfòmasyon epi done ou bay yo epi sa nou jwenn sou ou pou fè rekòmandasyon pou koneksyon, kontni ak fonksyonalite ki ta ka itil ou. Pa egzanp, nou ka sèvi ak done epi enfòmasyon sou ou pou rekòmande w pwodwi. Lè w kenbe enfòmasyon ou yo egzak epi ajou sa ede nou fè rekòmandasyon sa yo pi egzak epi bon pou ou.

## **Avi Non Responsabilite ak Limit Responsabilite**

### **Pa Gen Garanti**

NAN MEZI LALWA OTORIZE SA, KONPAYI AN AK AFILYE LI YO (EPITOU SA KONPAYI AN AP TRAVAY AVÈK YO A POU FOUNI SÈVIS YO) (A) REJTE TOUT GARANTI AK REPREZANTASYON KI SOUZANTANDI (TANKOU PAREGZANP, GARANTI SOU KOMÈSYALIZASYON, KONVANSAN POU YON REZON BYEN PATIKILYE, PRESIZYON DONE AK NON-VYOLASYON); (B) PA GARANTI SÈVIS YO PRAL FONKSYONE SAN ENTERIPSYON OSWA SAN ERÈ, EPI (C) BAY SÈVIS LA (SA GEN LADAN, KONTNI AK ENFÒMASYON) SOU YON BAZ "JAN LI YE a" AK "LÈ LI DISPONIB".

KÈK LWA PA PÈMÈT SÈTEN AVI NON RESPONSABILITE, KIDONK KÈK OSWA TOUT AVI NON RESPONSABILITE SA YO KA PA APLIKAB POU OU.

### **Ekslizon Responsabilite**

NAN MEZI LALWA PÈMÈT SA (EPI SÈL SI KONPAYI AN TE ANTRE NAN YO AKÒ EKRI APA KI ANILE KONTRA SA A), KONPAYI AN AK AFILYE LI YO (EPITOU SA KONPAYI AN AP TRAVAY AVÈK YO A POU FOUNI SÈVIS YO) PA GEN OKENN RESPONSABILITE ANVÈ OU OSWA ANVÈ LÒT MOUN POU NENPÒT DOMAJ ENDIRÈK, AKSIDANTÈL, ESPESYAL, KONSEKAN OSWA PINITIF, OSWA NENPÒT PÈT DONE, OPÒTINITE, REPITASYON, PWOFI OSWA REVNI, KI GEN RAPÒ AK SÈVIS YO (TANKOU PAREGZANP, DEKLARASYON OFANSIF OSWA DIFAMATWA, MOMAN ENTERIPSYON OSWA PÈT, ITILIZASYON OSWA CHANJMAN NAN ENFÒMASYON OSWA KONTNI OU).

NAN OKENN KA RESPONSABILITE KONPAYI AN AK AFILYE LI YO (EPITOU SA KONPAYI AN AP TRAVAY AVÈK YO A POU FOUNI SÈVIS YO) PA KA DEPASE, POU TOUT REKLAMASYON YO ANSANM, YON MONTAN KI PI PITI PASE (A) SENK FWA FRÈ MANSYÈL OSWA ANYÈL KI PI RESAN AN KE OU PEYE POU YON SÈVIS, SI TA GENYEN, OSWA (B) \$1000 DOLA AMERIKEN.

LIMIT RESPONSABILITE SA A SE YON PATI NAN BAZ NEGOSYASYON ANT OU MENM AK KONPAYI AN EPI LI DWE APLIKE POU TOUT REKLAMASYON POU RESPONSABILITE (TANKOU PAREGZANP, GARANTI, TÒ, NEGLIJANS, KONTRA, LALWA) EPI MENM SI YO TA DI KONPAYI AN OSWA AFILYE LI YO KE TA GEN POSIBILITE POU NENPÒT DOMAJ KONSA, EPI MENM SI REKOU SA YO ECHWE PARAPÒ AK OBJEKTIF PRENSIPAL YO A.

KÈK LWA PA PÈMÈT LIMIT OSWA EKSKLIZYON RESPONSABILITE, KIDONK LIMIT SA YO KA PA APLIKAB POU OU.

### **Mete Fen**

Ni ou, ni Konpayi an ka mete fen ak akò yo a selon Kondisyon pou Itilizasyon sa yo nenpòt kilè depi youn bay lòt la yon avi pou sa. Yon fwa nou mete fen ak akò a, ou pèdi dwa pou aksede oswa pou sèvi ak sèvis yo. Bagay sa yo ap rete anvigè apre nou fin mete fen ak akò a:

- Dwa nou genyen pou n sèvi ak divilge opinyon ou yo;
- Seksyon sa yo nan Kondisyon pou Itilizasyon sa yo: Avi Non Responsabilite ak Limit Responsabilite; Lwa ki Reji ak Rezolisyon Litij; epi Kondisyon Jeneral;
- Nenpòt montan chak pati dwe lòt la anvan fen akò a toujou rete dwe apre fen akò a.

Si ou te kreye yon Kont, ou ka kontakte nou nan Enfòmasyon Kontak nou yo ki anba a pou fèmen Kont ou an.

### **Lwa ki Reji ak Rezolisyon Litij**

Nan ka enpwobab kote nou ta rive nan yon litij jiridik, Konpayi an ak ou menm nou dakò pou nou rezoud li nan tribinal nan Iowa avèk lwa Iowa, oswa nan tribinal Etazini avèk lwa Etazini.

### **Kondisyon Jeneral**

Si yon tribinal ki gen otorite sou Kondisyon pou Itilizasyon sa yo jwenn nenpòt pati ladan yo ki pa aplikab, ou menm ak nou menm, nou dakò pou tribinal la ta dwe modifiye kondisyon yo pou fè pati sa a aplikab

pandan li ap toujou atenn objektif li a. Si tribinal la pa ka fè sa, ou menm ak nou, nou dakò pou mande tribinal la retire pati ki pa aplikab la epi pou l kontinye aplike rès Kondisyon pou Itilizasyon sa yo.

Si nou pa aji pou n pran mezi kont vyolasyon Kondisyon pou Itilizasyon sa yo, sa pa vle di nou abandone dwa nou pou nou ranfòse Kondisyon pou Itilizasyon sa yo. Ou pa ka bay ni transfere dwa ou yo selon Kondisyon pou Itilizasyon sa yo bay okenn moun san konsantman nou. Sepandan, ou dakò nou ka bay dwa pa nou yo selon Kondisyon pou Itilizasyon sa yo bay afilye nou yo oswa bay yon pati ki achte Konpayi an, san konsantman ou. Pa gen okenn benefisyè ekstèn nan Kondisyon pou Itilizasyon sa yo.

Ou dakò sèl jan pou ba nou yon avi legal se nan adrès nou bay nan seksyon "Enfòmasyon Kontak" pi ba a.

### **Enfòmasyon Kontak**

Tout kesyon, kòmantè ak rekèt parapò ak Kondisyon pou Itilizasyon sa yo dwe ale nan:

Healthy Birth Day, Inc.  
Attn: Executive Director  
PO Box 71093, Clive, IA 50325 USA  
1.515.523.5666  
info@countthekicks.org

Pou bezwen Règleman Jeneral Pwoteksyon Done, rezidan Peyi Deziyen yo ka kontakte Reprezantan Inyon Ewopeyèn (EU) nou yo pou tout kesyon, kòmantè ak rekèt parapò ak Kondisyon pou Itilizasyon sa yo:

QCI  
Attn: Count the Kicks App Developer  
4300 Westown Pkwy Ste 150, West Des Moines, IA 50266  
1.515.440.4960  
sfinn@qci.com